



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO RESEVWA PRI EKSEPSYONÈL LIDÈCHIP POU TRAVAY SOU REFÒM JISTIS POU OGMANTE LAJ RESPONSABILITE KRIMINÈL

Lidè yo nan Eta, Manm Fanmi, Defansè yo te rasanble ansanm pou sipòte pwopozisyon Gouvènè a pou ogmante laj

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te resevwa Prim Lidèchip Eksepsyonèl 2015 Families Together pou travay administrasyon li a nan refòm jistis pou ogmante laj responsablite kriminel. Yo te prezante prim lan nan yon dine nan Jou Sansibilizasyon Lejislativ kote manm fanmi ak defansè yo te ankouraje lidè yo nan eta pou pase pwopozisyon Gouvènè a pou ogmante laj ki vize pou kreye pi bon rezilta pou timoun yo ak sekirite piblik.

“New York se flanbo opòtinite ak espwa, e anprizonman jèn moun nou yo nan prizon adilt se yon pratik ki degoutan ki dwe fini,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pa gen eskiz pou soumèt plizyè santèn jèn nan yon anviwonman kote yap blese, men yo pap jwenn èd. Mwen voye rekonesans mwen bay Families Together paske yo rekonèt travay administrasyon mwen an sou pwoblèm sa a e map rete tann pou m travay avèk laj evantay patizan nou yo pou pase lejislasyon Ogmante Laj pandan sesyon sa a.”

Prim Lidèchip Eksepsyonèl 2015 lan ap prezante pa Families Together nan Eta New York, yon òganizasyon non-pwofi fanmi dirije ap travay avèk fanmi jèn ki gen twoub sosyal, emosyonèl, konpòtman ak difikilte nan sistèm lan. Alphonso David, Sekretè Adjwen ak Avoka pou Dwa Sivil ak Travay e Avoka pou Gouvènè a ki fenk antre nan pozisyon an, te aksepte Prim Lidèchip Eksepsyonèl 2015 lan nan non Gouvènè a.

Pwopozisyon Gouvènè a pou ogmante laj la vini apre [rekòmantasyon final yo](#) ki soti nan Komisyon sou Jèn, Sekirite Piblik & Jistis e li gen ladan: ogmante laj jiridiksyon jivenil pou ofans timou ak adilt, chanjman nan règleman ki gouvènè pwosedi arestasyon ak prizon lapolis, ekspansyon ak chnajman nan divèsyon preliminè ak pwosesis jijman tribinal, planifye pou retire jèn yo nan prizon adilt ak etablisman yo, elaji sèvis pou ede ofansè yo re-antre nan kominote yo, ak refòm ki adrese konsekans kolateral jivenil ak ofans jèn yo.

Jodia, Eta New York youn nan sèlman de eta ki otomatikman trete pwosesis enkaserasyon epi anprizone jèn 16 a 17 ane yo kòm adilt. Jèn yo anprizone avèk

popilasyon adilt la nan prizon lokal yo pandan yap rete tann jijman e nan popilasyon prizon an si yo jwenn yo koupab. Jèn yo ki loje nan etablisman adilt yo gen senk fwa plis chans pou sibi agresyon seksyèl, de fwa plis chans pou anplwaye prizon an blese yo, ak senk fwa plis chans pou yo komèt swisid pase kanmarad yo ki nan etablisman prizon pou jèn. 96 pousan nan jèn sila yo anprizone pou ofans ki pa vyolan.

Wap jwenn plis enfòmasyon sou kanpay Ogmante Laj la ki disponib nan www.raisetheagency.com.

PDG Families Together nan Eta New York Paige Pierce te deklare, “Mwen te konsakre karyè mwen pou sèvi kèk nan sitwayen nou yo ki pi vilnerab, konekte yo avèk sipò ki baze sou kominote, ak fè pwogrese politik byennèt sosyal an repons a bezwen fanmi ke yo te idantifye. Nou pa ka rete kanpe epi kontinye ap tandè anpil ka terib sou timoun ki tonbe nan filè sa, anpil ladan yo, se te akòz rezilta yon entèaksyon avèk sistèm jistis kriminèl la.”

Cherif Konte Albany Craig Apple te deklare, “Kòlèg mwen yo nan lapolis ansanm avè m konnen sa yo se refòm enpòtan ki pral fè New York vin yon lidè lè li kesyon de jistis kriminèl ak sekirite piblik. Daprè sistèm aktyèl la, eksperyans nan prizon ak konsekans kolateral apre yo fin lage fè li vin pi sèptib ke jèn moun yo pral residive, epi komèt krim ki pi grav, nan lavni. Li pa bon pou jèn yo e li pa bon pou gran piblik la.”

Pwofesè Jistis Kriminèl nan Lekòl Albany Dr. Meghan Kurlychek te deklare, “Nan 1ye Janvyè 2010, lejislasyon Connecticut te aplike ogmante laj responsabilite tribinal kriminèl de 16 a 17 ane. Atravè yon patenarya avèk Branch Jidisyè Connecticut, mwen te jwenn epi analize done sou rezilta de tout ka jèn 16 ane ke yo trete kòm adilt ane anvan chanjman sa jan li konpare a tout jèn ki gen laj 16 ane ke yo trete kòm jinvenil apre chanjman sa a. Rezilta yo pito dramatik, patikilyèman osijè diminye arestasyon ak residivis jivenil. An jeneral, tout jèn ki arete epi ki trete kòm adilt nan 2009, 42 % te arete pou yon nouvo ofans nan dezan jan li konpare a sèlman 26% moun nan laj 16 ane yo te arete nan 2010 ki te trete ak jere kòm jivenil. Sa a sijere yon avantaj definitif pou trete timoun tankou timoun e non tankou adilt.”

Preparing Leaders of Tomorrow (PLOT) Ko-Fondatè Jim Saint German te deklare, “Mwen te jwenn opòtinite pou reyabilitasyon paske mwen te nan yon anviwonman jivenil. Mwen te pran avantaj sou opòtinite sa epi re-òganize lavi m. Kounye a mwen se yon etidyan ki diplome nan Inivèsite New York. Chemen mwen, tankou anpil lòt mwen konnen, ta diferan anpil si yo te voye m nan yon etablisman pou adilt.”

Ajan Lapolis Vil New York ak afilye PLOT Edwin Raymond te deklare, “Antanke yon manm nan lapolis, nou gen yon responsabilite pou pwoteje kominote a. Li dekourajan pou voye jèn yo nan sistèm adilt la konnen ke yap gen chans pou yo vin pi mal pase lè yo te jwenn yo. Lefèt ke mwen te grandi nan kominote sa, mwen konnen pa eksperyans lavi difisil jèn yo ap andire. Mwen idantifye tèt mwen nan jèn gason ak fi sa yo. Si nou vle pou kominote yo pi ansekirite, nou dwe ba yo sipò yo bezwen pou chanje lavi yo.”

Alicia Barazza ak Doug Van Zandt, paran yon pitit gason ki te nan yon etablisman prizon adilt nan laj 17 ane te pataje istwa pèsònèl yo pandan evènman an. Kòm yon adolesan ak yon moun ki gen pwoblèm sante mantal grav, pitit yo gen difikilte pou ajiste nan anviwonman prizon granmoun nan. Apre plizyè ane rekou, sejou pwolonje nan anprizonman solitè, ak yon ensidan agresyon seksyèl, li te komèt swisid nan selil li nan fen 2014.

“Nou sipòte pasaj lejislasyon Ogmante Laj la paske se yon etap enpòtan nan refòm enjistis nan sistèm kriminel la pou jèn ak moun ki andikape yo. Espwa nou sèke sa pral anpeche trajedi tankou sa ki te rive pitit gason nou,” te deklare Barazza ak VanZandt.

Lòt oratè adisyonèl enkli Senatè Robert Ort, Prezidan Komite Sena Pèmanan sou Sante Mantal ak Reta nan Devlopman, Senatè George Amedore, Prezidan Komite Sena Pèmanan sou Abi Alkòl ak Dwòg ak Manm Asanble Linda Rosenthal, Prezidan Komite Sena Pèmanan sou Abi Alkòl ak Dwòg.

Anplis de refòm jistis jivenil, patisipan yo te diskite sou tretman abi sibstans ak Prevansyon, bay bon jan kalite edikasyon pou tout moun, fèmen tout eka nan pwoteksyon swen sante, Finanse Mouvman Sipò Family Peer, Pase Lwa sou Altènatif Imen a Anprizonman Solitè alontèm ak Kontinye envesti alavans nan sèvis ekspansyon ki baze sou kominote ak re-envesti nan sèvis restriktirasyon Medicaid.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418